

4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2008

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Premye Pati a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 11 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

Copyright 2008

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

EKSPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini apre l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanzp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

- S-1** Lè dlo jele, yo rele li
- A bwouya
 - B glas
 - C bye
 - D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanzp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanj **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanj **S-2** a.

S-2 Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen


Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlmen fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon an.

Pati I

- 1 Yon elèv mete senk bag leman nan yon kreyon. Lemman yo nimewote ak chif 1, 2, 3, 4, ak 5.



Ki de leman k ap kole yonn ak lòt?

- A 1 ak 2
 - B 2 ak 3
 - C 3 ak 4
 - D 4 ak 5
- 2 Ki pwopriyete yon bagay ki parèt lè yo itilize fakilte odora a?
- A koulè
 - B odè
 - C tanperati
 - D pwa
- 3 Ki kalite enèji yo bezwen pou koupe yon bout bwa an ti mòso pi piti ak yon si?
- A limyè
 - B chalè
 - C son
 - D mekanik

4 Ki materyèl ki pi bon pou pèmèt elekrisite pase?

- A metal
- B glas
- C bwa
- D plastik

5 Ki fòs ki lakòz bagay yo ale nan direksyon Latè?

- A friksyon
- B gravite
- C limyè
- D elekrisite

Remake kesyon 6 la gen sèlman twa kesyon ochwa

6 Lè yo mete yon wòch nan yon silenn gradye ki gen dlo, nivo dlo a ap

- A desann
- B monte
- C rete menm jan


7 Ki enèji transfòmasyon ki fèt lè yon moun bat yon tanbou ak yon bagèt pou tanbou?

- A elektrik a limyè
- B son a elektrik
- C limyè a mekanik
- D mekanik a son

8 Yon leman ak yon twonbòn an fè gen yon atraksyon mayetik ki fò anpil lè gen yon distans ant yo ki

- A 4 santimèt
- B 8 santimèt
- C 12 santimèt
- D 16 santimèt

9 Dyagram anba a montre yon imaj Latè.



Flèch yo reprezante Latè nan

- A gravite li
- B tanperati li
- C revolisyon li
- D wotasyon li

10 Yon elèv fwote men li ansanm pandan yon jou ivè ki frèt. Chalè ki chofo men li yo fèt pa

- A friksyon
- B gravite
- C limyè
- D mayetis


11 Ki pwopriyete yon elastik k ap rete menm lè yo detire li?

- A fòm
- B longè
- C mas
- D lajè

12 Presipitasyon pi posib fèt lè syèl la

- A klè epi gen solèy
- B gen enpe solèy
- C gen gwo nyaj, sonb
- D gen nyaj blan, gonfle


13 Dyagram anba a montre yon anpoul ak yon fil ki kole nan yon batri.



Poukisa anpoul sa a ka limen?

- A Batri a pa gen enèji.
- B Anpoul la pa gen enèji.
- C sikwui a louvri.
- D sikwui a fèmen.

14 Dyagram anba a montre yon moun k ap woule yon dwoum nan dèyè yon kamyon.



Ki machin senp moun nan itilize pou ede li woule dwoum nan?


- A balans
- B pouli
- C leveye
- D plan encline

Remake kesyon 15 la gen sèlman twa chwa.

15 Nan ki eta dlo gen yon fòm ak yon volim definitif?

- A gaz
- B likid
- C solid

16 Dyagram anba a montre plizyè bagay.



Ki bagay nan foto a ki pa vivan?

- A pye bwa ak kòd
- B kaoutchou ak kòd
- C zèb ak kaoutchou
- D zèb ak pye bwa


17 Pou yo viv, tout bèt bezwen

- A chalè, dlo, ak tè
- B limyè solèy, tè, ak chalè
- C limyè solèy, lè, ak manje
- D manje, dlo, ak lè

18 Ki pati nan yon plant ki rale dlo ak nouriti nan tè a?

- A rasin
- B tij
- C flè
- D fèy

19 Dyagram anba a montre kwasans yon plant.



Dyagram nan reprezante

- A rezo alimantè
- B distribisyon manje
- C dire lavi
- D sik lavi


20 Ki chanjman fizik ki t ap plis posib ede yon bèt viv pandan ivè?

- A ke li vin pi long
- B fouri li vin pi founi
- C plim yo tonbe
- D moustach yo vin pi kout

21 Fèy yon pye bwa chanje koulè pandan otòn. Se yon egzanp yon pye bwa

- A ap fini sik lavi li
- B ap prepare pou migrasyon
- C ap reponn a anviwonman li
- D kòmanse ibènasyon

22 Yo montre de grenn plan nan dyagram anba a.



(Pa desinen sou echèl)

Kòman grenn sa yo te plis sanble gaye?

- A akòz van
- B nan dlo
- C sou fouri yon bèt
- D bèt te manje yo

23 Yon wòl yon pwodiktè nan yon rezo alimantè se pou bay

- A dlo pou plant yo
- B solèy pou plant yo
- C nouriti pou bèt yo
- D pwoteksyon pou bèt yo

24 Ki sekans ki montre sik lavi kèk ensèk?

- A granmoun → krizalid → lav → ze
- B ze → krizalid → lav → granmoun
- C lav → krizalid → ze → granmoun
- D ze → lav → krizalid → granmoun

- 25** Ki prensipal sous enèji pou rezo alimantè yo?
- A dlo
 - B lè
 - C limyè solèy
 - D zèb
- 26** Ki deklarasyon ki se yon egzanp kòman moun chanje anviwonman natirèl la?
- A Van ak lapli detwi pye ble yo.
 - B Enèji Solèy la ede yon pye ble pouse.
 - C Yo debwaze yon forè pou fè espas pou plante ble.
 - D Van an gaye yon plant grenn ble yo
- 27** Kèk zwazo vole nan direksyon sid pandan otòn epi retounen pandan prentan. Se yon egzanp
- A migrasyon
 - B kamouflaj
 - C ibènasyon
 - D kwasans
- 28** Ki deklarasyon ki se yon egzanp yon karakteristik famiyal nan yon bagay k ap viv?
- A Yon timoun aprann monte bisiklèt.
 - B Yon chat gen yon pitit ak yon pye kase.
 - C Yon chyen blan gen yon pitit ak fouri blan.
 - D yon moun gen yon sikatris apre li boule.

29 Tablo anba a montre twa pwopriyete senk bagay.

Pwopriyete Senk Bagay

Bagay	Pwopriyete		
	Koulè	Jan li ye	Fòm
1	wouj	dous	won
2	jòn	di	oval
3	vèt	di	won
4	wouj	dous	oval
5	ble	di	rektang

Ki koulè bagay won an ki gen yon sifas di?

- A ble
- B vèt
- C wouj
- D jòn

30 Yon gwoup elèv vle anrejistre chanjman nan tanperati yon bokit dlo chak 2 minit pandan yon peryòd 10 minit. Ki tablo k ap pi byen òganize enfòmasyon sa yo?

Lè (min)	Tanperati (°C)
0	
1	
2	
3	
4	
5	

A

Lè (min)	Tanperati (°C)
0	
2	
2	
2	
2	
2	

C

Lè (min)	Tanperati (°C)
0	
2	
4	
6	
8	
10	

B

Lè (min)	Tanperati (°C)
0	
10	
20	
30	
40	
50	


D

ALE TOU DWAT NAN PATI II ⇨

Pati II

Eksplikasyon (31–41): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba a pou chak kesyon.

Sèvi ak graf ba ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 31 ak 32 yo. Graf ba a montre dire lavi an mwayèn senk diferan bèt.




31 Ki bèt ki gen dire lavi li *pi kout*? [1] _____

32 Konbyen tan anplis dire lavi yon chòv sourit ye pase dire lavi yon rena?
[1]

_____ lane

Sèvi ak dyagram Venn anba a pou repon kesyon 33 ak 34 yo. Dyagram nan konpare kèk estrikti fizik chat ak zwazo.



33 Idantifye **de** estrikti fizik zwazo ak chat genyen ki menm. [1]

(1) _____


(2) _____

34 Idantifye **de** estrikti fizik zwazo genyen men chat **pa** genyen. [1]

(1) _____

(2) _____


35 Dyagram anba a montre yon tèmomèt Fahrenheit nan yon sal klas.



Ki tanperati lè yo montre nan tèmomèt la? [1]

_____ °F


36 Dyagram anba a montre yon sikwui elektrik.



Enèji chimik nan batri a tounen enèji elektrik. ki kalite enèji, enèji elektrik la vin tounen? [1]

enèji _____


37 Yo montre yon dyagram sik dlo anba a. Lèt A jiska E yo reprezante senk pwosesis diferan k ap fèt.



Nan tablo anba a, ekri lèt yo montre nan dyagram nan ki mache ak chak pwosesis. [2]

Pwosesis	Lèt nan Dyagram nan
kondansasyon	
evaporasyon	
dlo anba tè	
presipitasyon	
koule desann	

38 Dyagram anba a montre kèk òganis k ap viv ansanm.



(Pa desinen sou echèl)

Adapte a pati: *Project Learning Tree: Environmental Education Activity Guide pre K-8*,
American Forest Foundation, Senkyèm Edisyon, 1997


Chwazi yon òganis nan dyagram nan, ranpli espas vid la pou konplete rezo alimantè anba a. [1]

Solèy → _____ → Koxsinèl → Zwazo

39 Dyagram yo anba a montre yon zwazo aktik pandan ete epi menm zwazo a pandan ivè.



Zwazo aktik pandan ete



Zwazo aktik pandan ivè

Idantifye **de** karakteristik diferan zwazo aktik la ki chanje sòti ete pou rive ivè. [2]

(1) _____

(2) _____

40 Yon syantis te etidye yon popilasyon sèf nan yon zòn. Yon lane apre, mwatye popilasyon sèf la te deplase ale nan yon lòt zòn. Idantifye de faktè ki ta kapab lakòz sèf yo deplase. [2]

(1) _____

(2) _____

41 Idantifye **de** chanjman nan anviwonman an ki lakòz kèk bèt pa sòti deyò pandan ivè a. [2]

(1) _____

(2) _____

For Teacher Use Only
Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	2	
38	1	
39	2	
40	2	
41	2	
Total	15	